yordamida tomoshabinda qo‘rquv va xavotir kuchaytiriladi. Romantik filmlarda esa musiqa yumshoq va hissiyotga boy bo‘ladi. La La Land filmidagi musiqalar qahramonlarning orzulari va sevgi hayotlarini aks ettiradi va tomoshabinlarda quvonchli kayfiyat uyg‘otadi. Shuningdek, harbiy filmlarda, masalan, Dunkirk va 1917 kabi asarlarda musiqa va shovqinlar sahnalarni yanada dinamik va tarang qilish uchun ishlatiladi. Tovush va musiqaning to‘g‘ri qo‘llanishi jangning realistikligini oshiradi va tomoshabinlarni voqealarga yanada yaqinlashtiradi.

Xulosa qilib aytganda badiiy filmlarda musiqa va shovqinlar hikoyani yanada boyituvchi, dramatik va hissiy jihatdan kuchaytiruvchi vosita sifatida ishlatiladi. Yaxshi ishlangan tovush dizayni tomoshabinni filmning voqealariga yanada chuqurroq jalb qiladi va obrazlarning ichki holatlarini ifodalashda katta ahamiyatga ega bo‘ladi. Shuningdek, musiqaning to‘g‘ri tanlanishi filmning estetik qiymatini oshiradi va uni tomoshabinlar xotirasida uzoq vaqt saqlab qoladi.

**Foydalanilgan adabiyotlar**

1. Chion Michel. (1994). Audio-Vision: Sound on Screen. Columbia University Press.
2. Gorbman Claudia. (1987). Unheard Melodies: Narrative Film Music. Indiana University Press.
3. Buhler James, Neumeyer, David, & Deemer, Rob. (2010). Hearing the Movies: Music and Sound in Film History. Oxford University Press.
4. Kalinak Kathryn. (2010). Film Music: A Very Short Introduction. Oxford University Press.
5. Smith Jeff. (1996). Unheard Melodies? A Critique of Psychoanalytic Theories of Film Music. Critical Inquiry.
6. Brown Royal S. (1994). Overtones and Undertones: Reading Film Music. University of California Press.
7. Filmlar: Interstellar, A Quiet Place, Whiplash, Saving Private Ryan.
8. The Sounds of Cinema: Film musiqasi va tovush dizayni haqidagi onlayn tahliliy maqolalar.
9. Film Sound.org: Film tovushi va tovush dizayni haqida chuqur tahlillar.

**REZYUME.** Maqolada har xil janrlardagi badiiy filmlar va ulardagi musiqa va shovqinlardan foydalanish uslublari haqqida, va har xil filmlardagi musiqa va shovqinlarning syujetga moslashtirilishi haqqida aytiladi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается использование музыки и звуков в различных жанрах художественного кино, а также адаптация музыки и звуков в различных фильмах к сюжету.

**SUMMARY.** The article discusses the use of music and sounds in various genres of feature films, as well as the adaptation of music and sounds in various films to the plot.

## EKRAN SHÍǴARMASÍ USHÍN DAWÍSLÍ SHESHIM

**Qdırbaev Islambek Qutlıbaevich** – *oqıtıwshı*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so‘zlar:** audiovizual, san’at, realizm, metafora, empatiya audio, kompoziciya, dizayn, element.

**Ключевые слова:** аудиовизуальный, художественный, реалистический, метафорический, эмпатия, аудио, композиция, дизайн, элемент.

**Key words:** audiovisual, artistic, realistic, metaphor, empathy, audio, composition, design, element.

Ekran shıǵarması joybarında dawıs dizayneriniń eń áhmiyetli funkciyalarınan biri - bul tek ǵana ayırım saxnalar emes, al pútkil joybar kóleminde mazmun jaǵınan sáykes keletuǵın sesli sheshimlerdi konceptuallıq jaqtan islep shıǵıw, olardı jaratıw hám ámelıyatqa engiziwden ibarat. Bul process joybardıń estetikalıq pútinligin támiyinlew hám tamashagóydiń emocionallıq qabıllawına tásir kórsetiw kózqarasınan ayrıqsha áhmiyetke iye.

Dawıs sheshimi menen epizodtıń dawıslı sheshimi anıq assocıyacıyalardı keltirip shıǵaradı, kadrda bolıp atırǵan waqıyalardıń mánisin anıqlaydı hám tereńlestiredi, ekrandaǵı háreketti júdá ayqın, mánili, kúlkili, tragikomika qıladı.

Ayırım audio hám video (sesli hám vizual) elementlerdiń qatnası hám óz ara baylanısınan vizual hám sesli kórinis payda boladı. Dawıstı kóriw kórinisi jaqın yamasa xarakterli sesli boyaw, ses detalları menen ajıratıp kórsetilgen

mánili detal arqalı ashılıwı múmkin. Dawıs hár qanday obrazlı sıpatlamanı sheshiwi yamasa tolıqtırıwı múmkin - landshaft, kúndelikli turmıs sharayatların, waqıttıń tariyxıy belgilerin ashıp beretuǵın kadrlar h.t.b. Hár bir scenariy ushın usı dramalıq shıǵarmanıń mazmunı hám forması ushın tábiyiy bolǵan muzıka, shawqım, sóz, pauzalardıń birden-bir ólshemi hám forması tabılıwı kerek. Jaqsı rejissyor, prodyuser, direktor (video oyınlarda) audiovizual shıǵarmanıń audio dizaynın talap etpeydi (ekinshi dárejeli nárse sıpatında), ol dawıslı (dawıslı hám muzıkalı) sheshimdi izleydi. Bunda oǵan kompozitor hám ses dizayneri járdem beredi.

Dizayner hár bir saxna ushın dawıslı sheshim ústinde islew barısında barlıq ses qurallarıń, ses reńlerin hár túrli kombinaciyalar hám óz ara tásirlerde sinap kóredi hám tekseredi. Hár bir sahna, hár bir epizod vizual hám dawıslı qurılıs kózqarasınan oylanǵan hám islep shıǵılǵan.

Joqarıda aytıp ótilgenindey, dawıs dizaynı - bul audiovizual shıǵarmalar ushın ses komponentlerin jaratıwǵa hám ǵalaba xabar quralları járdeminde tarqatılatuǵın multimedia ónimlerin jaratıwǵa qaratılǵan kórkemlik hám dizayn jumısınıń ózine tán tarawı bolıp tabıladı.

Dizayner tek ǵana tamashagóylerge dawıslı súwret arqalı anıq maǵlıwmatlardı usınıwı emes, al soǵan sáykes túrde usınıwı kerek. Sol sebepli, ses dizayneri - bul belgili bir kommunikativ mashqalanı tabıslı sheshiw ushın zárúr bolǵan qurallardı qalay tańlawdı biletuǵın dizayner hám informaciya bazarına ańsat baǵdarlanǵan hám onıń potenciallıq tutınıwshısı kim bolıwı múmkin ekenligin jaqsı biletuǵın marketolog hám psixolog. Dawıs dizaynı - bul kórkem óner sintezi hám anıq pragmatikalıq esap-sanaqlarǵa tiykarlanǵan dóretiwshilik jumıs.

Joybar ushın dawıslı sheshim islep shıǵıwdan aldın boljaw hám maqsetli rejelestiriw zárúrligi, tiykarınan ǵalabalıq ol yamasa bul túrdegi audiovizual joybardıń modası hám tikkeley talabı menen media bazarınıń konyunkturası menen baylanıslı faktorlar menen baylanıslı. Sesli shawqımlı komponentler ústinde islew procesinde dizayner barlıq faktorlar hám sheklewlerdi esapqa alıwǵa háreket etip, kóp ózgeriwshi izlewdi ámelge asıradı. Islep shıǵılǵan ses variantları bir-biri menen salıstırıladı hám olardan belgili shártler ushın tańlanadı.

Jańa dawıs dizaynı sheshiminiń barlıq quramlıq bólimlerin audiovizual ónimdi jaratıwda qatnasatuǵın qánigeler (rejissyor, prodyuser, kompozitor hám basqalar) menen májbúriy muwapıqlastırıw úlken áhmiyetke iye. Rendi Tom aytqanday – “Kino bul haqıyqatlıq qanshelli dramalıq bolmasın, haqıyqatlıqtı belgilew ushın ulıwma jaratılmaǵan. Kino - bul haqıyqatlıq oyını hám hátte az muǵdardaǵı fantastika, ótirik, film ele de jetkere almaytuǵın haqıyqatlıqtan da qızıǵıraq bolıwı múmkin. Eger kórkem filmniń maqseti haqıyqatlıqtı anıq belgilew bolsa, onda hátte eń talantlı aktyor da kadrda kóshedegi qálegen jolawshıdan jaqsıraq kórinbeytuǵın edi... Kop filmlerde milliy geografiya jámiyetiniń pútkil dúnya boylap sayaxatları haqqındaǵı hújjetli syujetleri jiyi-jiyi kórsetiledi. Bilesiz be, sonday bir epizod bar, hátteki 500 yard qashıqlıqtaǵı kúshli kameralar tárepinen súwretke alınǵan kishkene dala iytleriniń háreketleriniń dawısı da esitiledi. Men isenemen, bul dawıs jasırın mikrofon tárepinen jazılǵan. Biraq, málim bolıwınsha, bunday emes. Negizinde bul dawıs haywannıń dawısı emes, ol qolda islengen jasalma dawıs esaplanadı”. Filmniń dawıs sheshimi onıń ekrandaǵı ekspressivliginiń basqa quramlıq bólimleri menen tıǵız baylanıslı bolıwı kerek bolǵanlıqtan, ses dizayneri, dramaturg hám rejissyordı qanshelli urınbasın, oylap tapbasın yamasa almastırmasın, bul qararǵa ayrıqsha tásir ete almaydı. Eger dawıslı kórinisler scenariyda jazılmaǵan, rejissyorlıq jumista payda bolmasa, olar filmde de bolmaydı.

Solay etip, ol yamasa bul epizod hám ulıwma filmniń dawıslı sheshimi onıń avtorı tárepinen belgileniwi, ádebiy scenariyde hám rejissordıń tallawında kórsetiliwi kerek hám ses dizayneriniń nátiyjeli jumısı kóp jaǵınan usıǵan baylanıslı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. David Sonnenschein. Sound Design: The Expressive Power of Music, Voice and Sound Effects in Cinema.
2. Andy Farnell. Designing Sound.
3. А.А. Деникин. Звуковая дизаин мультимедиа и киноматографе.

**REZYUME.** Ushbu maqola ekran asarlarida ovoz dizaynining roli, tadqiqotda ovoz dizaynerining loyihaning har bir bosqichida, xususan, vizual ko‘rinish, ritm va atmosferani yaratishda bajaradigan funktsiyalari, shuningdek, ovozning kino va video sanoatidagi estetik va texnik jihatlari ko‘rib chiqilgan. Maqolada ovoz dizaynini kontseptual yondashuv asosida o‘rganish, maxsus ovoz effektlari va musiqiy

yechimlar yordamida sahna hajmini kengaytirish va tomoshabinning emotsional munosabatini shakllantirish strategiyalari tahlil qilingan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматривается роль звукового дизайна в экранных произведениях, функции звукового дизайнера на каждом этапе проекта, в частности, в создании визуального образа, ритма и атмосферы, а также эстетические и технические аспекты звука в кино- и видеоиндустрии. В статье анализируются стратегии изучения звукового дизайна на основе концептуального подхода, расширения масштаба сцены с помощью специальных звуковых эффектов и музыкальных решений, а также формирования эмоционального отношения зрителя.

**SUMMARY.** This article examines the role of sound design in screen productions, the research examines the functions performed by sound designers at each stage of the project, particularly in creating visual appearance, rhythm, and atmosphere, as well as the aesthetic and technical aspects of sound in the film and video industry. The article analyzes strategies for studying sound design based on a conceptual approach, expanding stage scope through special sound effects and musical solutions, and shaping the audience's emotional response.

# «ЖАҢЛА ҚОБЫЗ ӘСИРЛЕР ГҮЎАСЫСАҢ» ҲҮЖЖЕТЛИ ФИЛЬМИ МУЗЫКАСЫ

**Тилепов Қуўатбай** – *ассистент оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таяч сўзлар:** фильм сюжети, мусиқий безак, колорит, эпизод, сюжет, линия, овоз, шовқин.

**Ключевые слова:** сюжет фильма, музыкальное оформление, колорит, эпизод, сюжетная линия, звук, шум.

**Key words:** film plot, musical decoration, color, episode, plot line, sound, noise.

Музыка кинода ең тийкарғы элементлердиң биринен болып, ол арқалы фильмлердиң мазмунын ҳәм қаҳарманлар образларын тереңирек ашып бериўге мүмкиншилик жаратылады.

Музыкадан кино өнериниң барлық түрлери ҳәм жанрларында кең пайдаланылады. Ол фильмди жанландырады, керек жеринде сюжетлерди де байланыстырып турады. Кино шығармасының темасы менен идеясын, фильм режиссёры ҳәм киносценаристтиң алға қойған мақсетин және де тереңирек ашып береди. Музыкасы арқалы ҳүжжетли кино яки көркем фильм қайсы халықтың миллий кино өнери екенлигин аңлатып турады. Қарақалпақ миллий киноларының бирден-бир өзгешелиги миллий колориттеги музыкалары менен көзге тасланады. Қарақалпақ ҳүжжетли фильмлерин музыкалар жәрдеминде безеў – бул ҳүжжетли фильмлердиң тәсиршеңлигин асырыў менен фактлердиң исенимлилигин қәлиплестириўде де салмақлы орын ийелейди. Әлбетте дурыс таңланған музыкалар болыўы керек. 2023-жылы «Қарақалпақфильм» киностудиясы тәрепинен сүўретке алынған «Жаңла қобыз әсирлер гүўасысаң» еки бөлимли ҳүжжетли фильми мысалында пикиримизди таллаўлар менен даўам еттирсек, фильм басланыўдан миллий ырғақларда жаңлаған нама сести адам кеўилин кеңисликлер таман баслайды.

Кино өнери – бул ўақыт ҳәм кеңисликте туўылады. Усы ҳүжжетли киноның бет ашары есапланған музыка болса өз ишине дәўирлер ағымын да, кеңисликлерди де қамтып алып, тарийх пенен жаңа заманды бирлестирип турады. Бул ҳүжжетли кино ушын дурыс таңланған музыканың күши, соның менен бирге дәслепки сюжетлерди диктор (баслаўшы) сөзи менен байланыстырыўда үлкен әҳмийетке де ийе болып турыпты. Фильмде баслаўшы жанға жағымлы музыкадан соң тамашагөй қәлбине жол алатуғын сөз қатарларынан пайдаланып, ой-пикирин жеткерип береди. Демек, фильмдеги музыка пикирлерди жәмлеўши ўазыйпасында атқарады. Кино сес режиссёрынан сценарий авторы ҳәм фильм режиссёры менен тығыз байланыста жумыс алып барыўы талап етиледи.

«Жаңла қобыз әсирлер гүўасысаң» еки бөлимли ҳүжжетли фильминиң режиссёры ҳәм авторы Б.Мадияров, жәрдемши режиссёры Д.Алламуратова. Бул фильм ушын музыкалар арнаўлы жазылмаған, ал түрли жанрдағы музыкаларды фонетикадан алып пайдаланған.

Фильм даўамында қобыз ырғақлары, жыраўлар жырлаған намалар ҳәм заманагөй